

Jesu anokwira kudenga

Mabasa Avapostori 1:3, 6-11 - Jesu anokwira kudenga

3 Shure kwokutambudzika kwake, akazviratidza kuvanhu ava akaratidza zviratidzo zvizhinji zvokuti iye akanga ari mupenyu. Akaonekwa navo mazuva anopfuura makumi mana uye akataura nezvouvambo hwaMwari.

6 Saka vakati vaungana pamwe chete, vakamubvunza vakati, “Ishe, mava kuzozosera ushe kuvalsraeri panguva ino here?”

7 Akati kwavari, “Hazvizi kwamuri kuti muzive nguva kana musi wakatarwa naBaba nesimba ravo pachavo. 8 Asi muchagamuchira simba kana Mweya Mutsvene auya pamusoro penyu; uye muchava zvapupu zvangu muJerusarema, nomuJudhea mose, nomuSamaria, uye kusvikira kumigumo yenyika.”

9 Shure kwokunge ataura izvi, akakwidzwa kudenga pamberi pameso avo chaipo, uye gore rikamufukidza vakasazomuona.


10 Vakanga vakatarisisa paakanga achikwira kudenga, pakarepo varume vaviri vakanga vakapfeka nguo chena vakamira pavari. 11 Vakati kwavari, “Varume veGarirea, makamirireiko pano makatarisa kudenga? Iyeyu Jesu abviswa kwamuri achienda kudenga, achadzokazve sezvamamuona achienda kudenga.”

Mateo 28:16-20 - Kutumwa Kukururu

16 Ipapo vadzidzi gumi nomumwe vakaenda kuGarirea, kugomo ravainge vaudzwa naJesu kuti vaende. 17 Vakati vamuona, vakamunamata, asi vamwe vakakahadzika. 18 Ipapo Jesu akasvika pavari akati, “Simba rose kudenga napanyika rakapiwa kwandiri. 19 Naizvozvo endai mudzidzise ndudzi dzose, muchivabhabhatidza muzita raBaba, neroMwanakomana neroMweya Mutsvene, 20 uye muchivadzidzisa kuti vachengete zvose zvandakakurayirai. Uye zvechokwadi ndinemi kusvikira pakuguma kwenyika.”

Mako 16:19-20

19 Mushure mokunge Ishe Jesu ataura kwavari, akatorwa akakwidzwa kudenga uye akandogara kuruoko rworudyi rwaMwari. 20 Ipapo vadzidzi vakabuda vakandoparidza kwose kwose, uye Ishe akashanda navo uye akasimbisa shoko rake nezviratidzo zvakatevera.



**Haiwa Jehova, Ishe wedu, Zita renyu rakaisvo-naka sei panyika yose!
Mapisarema 8:1**

Ruka 24:51-53

51 Achiri kuvaropafadza, akabva pavari akatorwa akakwidzwa kudenga. 52 Ipapo vakamunamata ndokubva vadzokera kuJerusarema nomufaro mukuru. 53 Uye vakaramba vari mutemberi, vachirumbidza Mwari nguva dzose.

Jesu anokwira kudenga

1. Ko Jesu akagara panyika mazuva mangani mushure mekumuka kwake? (*Mazuva makumi mana*) Ko aiitei panguva iyi? (*Akanga achizviratidza kuvanhu vazhinji, achisimbisa kuti akanga amuka kuvafi. Akataura nezve Ushe hwaMwari. Mabasa 1:3*)
2. Vadzidzi vaidza kuti Jesu agare navo nokusingaperi samambo wavo panyika ino. Unofunga kuti nemhaka yei Jesu akadzoka kudenga? (*Basa rake panyika rakanga rapera. Akanga asiri mambo wenyika. Ari kutonga ari kuruvoko rworudyi rwaMwari Baba. Marko 16:19*)
3. Unofunga kuti nemhaka yei Jesu aida kuti vadzidzi vake vamuone achikwira kudenga? (*Aida kuti vagoudza nyika yose zvavakanga vaona.*) Ko varume vaviri vaiva vakapfeka nguwo chena vakanyaradza vadzidzi sei? (*Jesu achadzokazve. Mabasa 1:11*)
4. Vadzidzi vakaona Jesu achidzokera kudenga. Ko izvi zvinoreva kuti Jesu akanga achisiri navo here? Ndechipi chivimbiso icho Jesu akapa kuvadzidzi vake nesu? (*Achava nesu kusvikira kumagumo enyika. Mateo 28:20*)
5. Ko Jesu akati ndiani aizouya nokuvapa simba rokutaura? (*Mweya Mutsvene*) Tinofanira kuitei kusvikira Jesu achiuya? (*Tinofanira kuva zvapupu zvake kunyika. Mabasa 1:8*)
6. Ko vadzidzi vakaitei mushure mekunge Jesu akwira kudenga? (*Vakanamata Jesu, vakadzokera kuJerusarema vane mufaro mukuru. Vakaparidzira kwose pamusoro pezvakanga zvaitwa naJesu. Ruka 24:52 naMarko 16:20*)
7. Taura zvinoreva kutumwa kukuru kwauri. (*Mateo 28:18-20*) Ko Jesu anoraira ani? (*Vadzidzi vake pamwechete nesu*)
8. Tinofanira kubapatidza muzita raani? (*Muzita raBaba, Mwanakomana, na Mweya Mutsvene Mateo 28:19*)